



# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



## Diskou Reprezantan Akademisyen yo

Mesyedam Manm gouvènman an,  
Mesyedam Manm Pouvwa Lejislatif la,  
Mesyedam Manm Pouvwa Jistis la,  
Mesyedam Manm Kò diplomatik la,  
Mesyedam Manm Kominote entènasyonal la,  
Mesye Rektè Inivèsite Leta a,  
Mesyedam manm Konsèy Inivèsite Leta a ak Inivèsite Prive yo,  
Mesyedam Reprezantan Enstitisyon ki fòme Komite pou tabli Akademi Kreyòl  
Ayisyen an,  
Mesyedam Manm Komite pou tabli Akademi Kreyol Ayisyen an,  
Mesyedam Manm enstitisyon ak òganizasyon ki delege Kandida pou vin  
Akademisyen yo,  
Mesyedam Manm Konsèy Seleksyon Akademisyen yo,  
Mesyedam Sosyete sivil la,  
Mesyedam kanmarad Akademisyen,  
Mesyedam lasosyete : Bonjou,

Pèp Ayisyen,

Se yon gwo pa nan lavi nasyon nou an dèske nou rive gen yon enstitisyon ki  
gen manda travay pou devlopman lang kreyòl la, selon prensip lasyans. Pou nou



# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



kapab pi byen konprann enpòtans lang nou an, n ap kòmanse fè yon kout je nan istwa peyi a. Ayiti nou an ak lang kreyòl la gen yon istwa ki prèske suiv menm wout. Anvan Kristòf Kolon te rive sou zile nou tout rele Ayiti jounen jodi a nan lane 1492, te deja genyen Amerndyen yo ki ta pe viv sou tè a ; yo te rele li Ayiti Kiskeya Oboyo. Kristòf Kolon te prese bay zile a non Ispanyola ki vle di ti Lespay paske l te vle tè a tonbe nan djakout kouwòn Lespay. Pi devan, Lafrans pral vle rache l nan men Lespay. Eskonbrit pete, chire pit mete pye. Apre antant ant de leta sa yo, Lespay konsève de tyè zile a, sa vle di pati lès la epi Lafrans jwenn lòt tyè a, pati lwès la. Se apati chòk sa a, nan brasaj ant pèp karayib avèk pèp ewopeyen (sitou pèp fransè) epi pèp afriken, yon nouvo lang te kòmanse pran nesans. Se baz kreyòl ayisyen an. Melanj sa a vin ba nou yon peyi, yon istwa, yon kilti ki kreye kondisyon pou devlopman lang kreyòl la.

Apèsi rapid sa a sou istwa nou an pèmèt nou sonje ki jan lang pèp ayisyen an makònen ak istwa nasyon an. Sa vle di, lang kreyòl la se youn nan mak fabrik, mak idantite nou. Se sèl lang ki pèmèt nou tout Ayisyen, fi kou gason, youn konprann lòt, lè pou n kominike. Nou pa ka separe istwa nou ak lang nou, menm jan an tou nou pa kapab separe lang nou ak jan nou viv kòm pèp. Lang yon pèp se zouti liberasyon li, zouti devlopman l ak zouti evolisyon l. Se zouti ekspresyon konsyans li. Kidonk, demokrasi mande pou pèp la gen libète sèvi ak pwòp lang li nan tout sitiyasyon ki enpòtan nan lavi li.



# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Jounen jodi a, nou tout Akademisyen yo ap di jan nou kontan dèske nou se manm enstitisyon enpòtan sa a. Nou kapab di, jounen jodi a se yon jou istorik. Se yon lonè pou 33 manm Akademi yo reponn prezan nan misyon istorik sa a. Nou pwomèt nou pral travay pou nou merite konfyans nasyon an fè nou an. Tout manm Akademi an se sitwayen (fi ak gason) k ap batay depi lontan pou lang kreyòl la nan diferan espas nan sosyete a (Kit ann Ayiti, kit nan dyaspora a). Nan mitan yo gen chèchè, gen ekriven, gen edikatè, gen lengwis, eksetera.

Li klè, Akademi an kòm enstitisyon, ak tout manm yo, pa gen kont ak lang franse. Lang yon pèp pale se ladan l li ekspriye panse l. Se ekspresyon istwa li, ekspresyon kilti li. Tout pèp sou latè dwe sèvi ak lang yo pou yo montre sa yo ye, pou yo di sa yo ye, pou yo afiche pèsonalite yo, pou yo defann enterè yo, nan amoni lè yo p ap brime yo. Akademi an ap genyen pou li travay pou amenajman lengwistik la rive fèt anndan peyi a dekwa pou tout lang yo evolye nan otonomi yo ak rapò sere yo ka genyen.

Estrateji sa a nesèsè, paske nou konnen, souvan se rapò pouvwa ki tabli nan pratik sosyal ak enstitisyonèl yo.

Kòm sèl lang tout Ayisyen pale, kreyòl la se ekspresyon kilti nou, poutèt sa menm, li dwe antre nan lekòl ayisyen, an gran jan, san beki, nan tout



# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



administrasyon piblik, nan antrepriz, nan legliz, nan kèlkeswa kote a ki gen rapò ak lavi sosyal, lavi politik ak ekonomik pèp la. Prezans nou tout ki la a jodi a, se yon prèv anplis ki montre pèp ayisyen an sou wout jwi dwa lengwistik li toutbon vre. Nou pral travay pou sistèm edikatif la mete lòd nan jan moun ap aprann nan peyi a. Li pa nan avantaj timoun nou yo, lè lekòl la pa suiv sa lasyans di nan zafè edikasyon. Ayisyen an pale yon lang, men lè li gen chans ale lekòl, se nan lòt lang yo vle li aprann. Sa vin ba nou yon lekòl tèt anba. Yves Dejean ki ekri sa nan yon liv ki rele *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba* kontinye lide a konsa : « se tankou nou ta kòmanse ak timoun yo nan yon fenomèn yo deja pa konnen pou nou ale avèk yo sou yon lòt teren yo pa konnen ». Se menm sitiyasyon an nou rankontre nan lavi toulejou nou. Jounal ofisyèl pèp la « Le Moniteur » pa menm gen yon vèsyon nan lang tout pèp la pale a. Sitiyasyon sa a merite korije san pèdi tan. Nan sans sa a, Akademi an pral ankouraje Leta ak responsab yo pran bon jan desizyon, kore lwa ki deja la a, pou mete lòd nan sitiyasyon lengwistik anndan fonksyon piblik la.

Lè nou konsidere gen pi plis pase 65% Ayisyen ki pa konn ni li, ni yo pa konn ekri, lè nou konsidere prejije, pèsesyon negatif, mank liv kreyòl, sa bay sèten moun pretèks pou yo di lang nan pa ka sèvi nan lekòl. Li ijan pou gen yon politik konsekan nan kesyon edikasyon ki vin ak yon lòt vizyon nan zafè aprann. Kèlkeswa fason yon moun aprann li, fòk li ka kontinye anrichi konesans li nan sistèm fòmèl la depi sa enterese l. Pa dwe gen limit nan aprantisaj. Epitou,



Repiblik Aviti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



aprantisaj pa dwe fèt nan « jakò repèt ». Li pa nòminal pou genyen plis pase 65% moun nan peyi a ki pa ka li batistè yo, ni yon preskripsyon doktè, ni yon papye tè. Sa ki pi rèd la, nan 21yèm syèk la, yo pa kapab nonplis ranpli yon fòmilè an kreyòl. Konsta sa a valab pou pi fò papye ki enpòtan nan lavi Ayisyen.

Akademi an pa soti anlè tonbe atè konsa. Se apati sitiwayon tèt anba sa a, sou presyon sosyete sivil la, Leta rive pran desizyon mete enstitisyon sa a kanpe.

Li enpòtan pou nou sonje divès jefò ki fèt nan tout sektè nan sosyete a pou nou rive la a. Sa montre nou pèp ayisyen pa janm sispann defann dwa linguistik li. Gen jefò ki sòti nan Leta a menm, gen lòt jefò se pèsonalite ki nan lasyans ak nan literati ki t ap fè yo depi anvan lokipasyon, pandan e apre lokipasyon, san konte kantite inisyativ k ap sòti nan sosyete sivil la depi anvan lane 1986.

Tout aksyon sa yo esplike pou ki rezon se alawonnbadè palmantè yo, nan tou 2 Chanm yo, te vote lwa sou kreyasyon Akademi an (selon Atik 213 Konstitisyon an), epi se menm rezon sa yo ki fè Egzekitif la pibliye lwa a an kreyòl nan « Le Moniteur » nimewo 65, 7 avril 2014.

Aktè ki mennen tout aksyon sa yo, yo tout sòti nan zantray nasyon an. Yo tout merite bravo. Se sa k fè li nesèsè pou tout pèp ayisyen an, isit kou lòt bò dlo, okouran gwo pwogrès sa a, dekwa pou nan lekòl, nan tribinal, anndan yon ayewopò



Repiblik Aviti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



---

entènasyonal, nan avyon k ap vwayaje aletranje, nan tout biwo Leta, chak sitwayen ak tout popilasyon an jwenn sèvis an kreyòl pou yo kapab itilize lang yo kòmsadwa .

Pou nou rezime, rezilta nou jwenn nan se pa viktwa okenn sektè an patikilye. Se viktwa pèp ayisyen k ap kontinye batay pou dwa lengwistik li. Men, se pa sèlman yon batay lengwistik, men se yon batay politik tou.

Pou sa ka reyalize nèt, fòk nou pa lage batay la nan mitan kannal. Lang kreyòl la gen anpil chemen toujou pou li fè. Fòk nou pa bliye, kreyòl se yon lang pi fò moun pale san yo pa ekri l, yon lang anpil pitit li konsidere kòm san valè, malgre tout prèv ki sòti nan travay save tankou pedagòg, antwopològ, lengwis, sosyològ ak ekriven. Prèv ki montre se yon lang ki gen kapasite rive fè sa tout lòt lang kapab fè. Pèsepsyon anpil moun nan sosyete a devan lang nan se yon andikap sikolojik, se yon alyenasyon. Sikyat Frantz Fanon, otè liv *Peau noire, masque blanc*, fè nou konprann li nesesè pou nou chanje mantalite alyene sa a. Sikològ dwe mete bouch nan sa, istoryen epi tout moun k ap travay nan domèn kominikasyon ; Jounalis, Pè, Pastè, Oungan, san nou pa bliye politisyen pwogresis, tout dwe mete bouch nan koze a pou itilizasyon lang nan vanse, pou li jwenn reyònman nan sosyete a, ak, plis prestij nan lemonn.



Republik Aviti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Misyon Akademi an se ankouraje pwodiksyon nan lang kreyòl ak rechèch sou lang kreyòl la, fè kreyòl la gen bon jan reyònnan ak prestij, travay pou enstitisyon yo sèvi ak lang nan kòmsadwa , fè envantè moun ak travay k ap fèt sou lang kreyòl la,

travay pou enstitisyon rejyonal yo sèvi ak lang kreyòl la pou entegrasyon tout kominote kreyolofòn yo.

Akademi an gen moun ki gen anpil eksperyans ak divès konpetans ladan l. Chak manm pre pou li mete tout bòn volonte l, tout konpetans li, tout resous entelektyèl li, nan angajman ak tolerans, pou travay la reyisi. Yon pwen enpòtan pou nou souliyen : Akademisyen pa nan touche ni pa mwa ni pa ane. Men, Leta prevwa resous materyèl ak finansye pou Akademi an ka atenn objektif li epi pou li satisfè demann sosyete a. Nou byen kontan Leta Ayisyen deja pran angajman pou sa. Nan Atik 8 la, Lwa Kreyasyon Akademi an di: *“Leta ayisyen dwe mete tout mwayen finansye ak tout resous nesesè pou Akademi Kreyòl Ayisyen an fonksyone kòmsadwa.”*

Fòk nou sonje tou, drapo Akademi an kouvri tout teritwa peyi a. Epitou, tout kote aletranje ki gen yon kominote Ayisyen, Akademi an ap fè santi prezans li. Travay Akademi an konsène tout sektè nan lavi nasyonal la: soti depi nan Kasèk pase nan Konsèy minisipal rive nan tèt pouvwa santral la ak tout enstitisyon k ap akonpaye popilasyon an. Se konsa Akademi Kreyòl Ayisyen an, toutbon vre, ap tounen *yon sous nasyonal pou lang kreyòl la nan peyi a ak pou Ayisyen lòt bò*



# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



*dlo.* Nan sans sa a, Akademi an pa gen pou l jwe wòl polis. Men, se yon enstitisyon k ap fonksyone pou li ankouraje tout enstitisyon nan peyi a swiv regleman lang nan.

Lè nou gade enpòtans travay la, nou menm Akademisyen, nou pran konsyans kalite responsablite ki tonbe sou do n. Fòk nou mete nou nan travay seryezman. Konsa nou envite tout nasyon an, tout sektè, potekole avèk nou pou n bay satisfaksyon epi pou n bay lang nan vrè plas li nan tout dimansyon l. Nou konte sou patisipasyon pèp ayisyen, sou kolaborasyon twa pouvwa yo : Egzekitif, Lejislatif ak Jidisyè.

N ap lanse yon apèl espesyal pou Laprès, kòm katriyèm pouvwa : nou mande l sipò ak konsiderasyon ki nesèsè pou ede Akademi an akonpli misyon l. Nou konte sou li anpil kòm pouvwa pou fasilite kominikasyon nan diferan sektè k ap evolye nan sosyete ayisyen an.

Nan non tout Akademisyen yo, n ap pwofite okazyon an pou nou di Komite pou Tabli Akademi an ak Komite Seleksyon an mèsì anpil pou travay yo fè.

Medam, Mesye, yon dènnye fwa tout manm Akademi Kreyòl Ayisyen an, melanje vwa yo ak vwa pa m pou nou di nou tout ki la a : « Mèsì pou deplasman an, mèsì anpil pou tèt nou rete koute mwen jouk nan bout ! ».

Pierre Michel CHERY





Repiblik Aviti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)

